



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 10 out 2012

GOUVÈNÈ CUOMO VOYE YON LÈT BA THRUWAY AUTHORITY KONSÈNAN PON TAPPAN ZEE

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te voye yon lèt ba Thruway Authority konsènan Pon Tappan Zee. Lèt la endike anba la a:

Chè Prezidan Milstein ak Direktè Madison:

Mwen te revize dènye Deklarasyon sou Enpak nan Anviwònman an (Final Environmental Impact Statement – FEIS). Mwen bat bravo pou anpil kantite sitwayen ki te patisipe nan reyinyon piblik yo nan dènye semèn yo pou aprann plis bagay sou FEIS, epitou mwen bat bravo pou anpil milye lòt sitwayen ki te pran tan pou bay kòmantè yo alekri.

Mwen kontan pou yon kantite eleman FEIS ak espesifikasyon Thruways:

--Entwodiksyon mwayen pou transpò komen sou pon an. Jan sa endike nan FEIS la ak nan espesifikasyon plan Thruway, pon an ap kapab adapte sou plan vityèl pou nenpòt kalite konfigirasyon transpò komen pivevan, kit se otoka banlye, oswa yon sistèm Transpò Rapid nan Otobis nan Westchester-koridò Rockland. Pon an ap kapab adapte pou yon liy otobis espesyal nan premye jou a. Nou gen konfyans avni sèvis transpò nan rejyon an se transpò komen, epi bezwen imedyat nou pou ranplase Tappan Zee avèk yon pon ki kapab adapte pou transpò komen dwe se premye eta la nan agrandisman transpò komen rejyonal la.

--Sa ap koute prèske menm kantite lajan pou repare pon ki la a jan nou ta depanse lajan pou bati nouvo pon an. Epoutan reparasyon pon ki la sèlman an pa rezoud okenn nan pwoblèm chofè yo ak sitwayen yo genyen jodi a: pa gen akotman, pa gen aksè pou ijans, blokis, ak blokaj sikilasyon avèk polisyon lè ak bwi – epitou reparasyon an p ap bay chans pou gen nenpòt kalite transpò komen sou pon an. Men, yon nouvo pon ap pote non sèlman mwayen pou transpò komen, men tou agrandisman liy yo pou redui blokis la, epitou pou adapte avèk machin ijans yo, liy ki separe yo, ak aksè pou pyeton ak bisiklèt yo – ak yon direkvi 100 tan anvan gwo antretyen. Pou yon depans nan menm nivo avèk reparasyon pon an.

- Dènye bon kalite mezi pou redui enpak sou anviwònman an ap asire anviwònman natirèl la ap pwoteje. Eta n ap itilize yo gen ladan “baraj ki gen ti boul lè” pou pwoteje pwason yo kont bwi pilye pou kondi yo, itilizasyon vibrasyon alapas pilye pou kondi kèlkeswa lè li posib pou fikse

Haitian Creole

pilye yo, ak limit sou dragaj la ak lòt mezi pwoteksyon k ap pwoteje espas natirèl la nan sèl anviwònman Hudson River.

- Pwoteksyon kominote lokal yo kont enpak konstwiksyon an Lè nou limite pilye pou kondi nan sèten orè, enstalasyon aparèy pou kontwole lè ak bwi nan zòn ki afekte yo, epitou transpò pifò materyèl yo nan pon an avèk baj rivyè, epitou evite wout lokal yo, FEIS ap ede asire kominote a ap jwenn deranjman nan limit minimòm ki posib.

Tout etap sa yo se bon etap, epi depi lè gen piblikasyon FEIS la, ofisyèl lokal toupatou nan zòn nan te finalman chita ansanm sou fòm de pouvwa yo pou bay sipò yo pou pwojè ranplasman pon sa a. Yo dakò depans anpil milya dola pou senpleman repare pon ki la a p ap rezoud ritm aksidan a, blokis la, oswa polisyon lè ak bwi sitwayen Westchester ak Rockland jwenn kounye a. Yo rekonèt pon Tappan Zee ki la kounye a apwopriye pou bezwen transpò a ak bezwen ekonomik pati sid Hudson Valley ak Eta New York, epitou yon nouvo pon ki kapab adapte pou transpò komen jan sa pwopoze nan FEIS la se sèl chwa a.

Mwen dakò, men mwen gen rekòmandasyon pou Thruway Authority nan fason pou fè menm pi byen nan sèten zòn.

Premyèman, chwa plan pon an trè enpòtan, epi li gen ladan kritè plizyè faktè pwopòsyon inik ki diskatab. Se yon pwojè enfrastrikti plizyè milya dola nan yon zòn ki sansib pou anviwònman an nan youn nan rejyon ki pi bèl sou latè. Gen anpil faktè pou konsidere tankou depans yo, sèvi jeni ak sèvis transpò – men tou peyizaj la, plan an, adaptasyon avèk bote natirèl Hudson River, ak enterè sitwayen ki nan kominote toupre yo. Poutèt sa, mwen rekòmande yon diferan kalite panèl seleksyon k ap depase espè teknik ak estriktirèl nòmal yo. Panèl la kapab gen ladan achitèk, istoryen vilaj rivyè a, espè entènasyonal plan, ak ofisyèl lokal ki nan Westchester ak Rockland, sitwayen regilye, epi sètènman espè teknik apwopriye Thruway te idantifye. Mwen ap tann rekòmandasyon ou yo.

Dezyèmman, pou anpil sitwayen Westchester ak Rockland, pon an se sèl pasaj pou transpò, acha ak fanmi k ap fè vizit. Mwen kwè barèm peyaj 2017 ki prevwa selon estimasyon Administrasyon Federal Otowout jiska \$5,2 milya dola pou nouvo pon an twò wo. Nan pwochen 5 ane yo, nou dwe jwenn lòt posiblite, jeneratè revni ak rediksyon depans k ap redui posib ogmantasyon peyaj yo.

Mwen mande pou ou travay avèk administrasyon mwen an pou konvoke yon gwoup travay k ap gen ladan ofisyèl Thruway, ofisyèl eta a ak ofisyèl lokal pou analize fason pou redui ogmantasyon sa yo. Nou fè sa avèk siksè nan sitiyoasyon sanblab kote pasaj yon pon se nesite pou sitwayen lokal yo. Pa egzanp, dènyèmman nou te devlope yon pwogram rabè pou sitwayen Staten Island ki fè gwo rediksyon nan fado feyaj pon wout entè-eta yo. Men sa Gwoup Travay la ta ajoute nan analiz li a:

- Travay avèk reprezantan Kongrè nou yo pou chèche sipò federal maksimòm pou pòsyon enpòtan sa a nan sistèm otowout entè-eta a, tankou angajman antrepriz yo pou finansman nan Lwa sou Finans Enfrastrikti Transpò ak Inovasyon [Transportation Infrastructure Finance and Innovation Act (TIFIA)] ak nan lòt sous federal.

- Agrandisman pwogram rabè yo ki nan avantaj sitwayen Westchester ak Rockland.
- Chèche mwayen finansye ki bese frè pou jwenn kredi ak pou prete lajan.
- Asire nenpòt ogmantasyon nan peyaj sou pon an ale sèlman pou transpò ki fèt sou pon ak pou transpò rejyonal.

Ranplasman Pon Tappan Zee ap reprezante pi gwo pwojè nan kalite li nan New York nan plizyè deseni, epi tankou nenpòt efò echèl sa a, li prezante anpil defi. New York gen yon istwa inovasyon, enklizyon ak ogmantasyon tèl ki pi difisil yo. Mwen kwè travay ki fèt jiska prezan nan FEIS ak etap ki endike la a yo ap kontinye enpòtan pou pwojè Tappan Zee, epi sa ap fè eta a ak rejyon an vanse.

Ak tout kè mwen,

Gouvènè Andrew M. Cuomo

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418